

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Parobahan jaman beuki dieu beuki maju, boh dina widang téhnologi, atikan, ékonomi boh dina widang séjénna. Parobahan nu ngajanggélék kiwari gedé pangaruhna kana hirup-huripna kabudayaan anu mekar di sabudeureun masarakat, hususna masarakat Sunda. Manusa téh disebut mahluk sosial (*homo socius*), lantaran kodratna minangka jalma anu hirup babarengan (masarakat) dina ngahasilkeun kabudayaan. Kabudayaan nya éta kabiasaan manusa nu aya dina kahirupan sapopoé, nu diwariskeun sacara turun-tumurun, ti generasi ka generasi. Ku kituna, taya masarakat nu teu miboga kabudayaan jeung taya kabudayaan tanpa masarakat salaku pangrojongna (Soekanto, 1982, kc. 149).

Sacara universal aya tujuh unsur kabudayaan nu ngawengku réligi (sistem kapercayaan), sistem kamasarakatan, élmu pangaweruh, basa, kasenian, sistem pakasaban, jeung téhnologi (Koentjaraningrat, 1985, kc. 2). Unggal unsur kabudayaan ngajanggélék dina tilu wujud kabudayaan nu ngawengku sistem budaya (*ideas*), sistem sosial (*activities*), jeung unsur-unsur kabudayaan fisik (*artéfak*). Kasenian kaasup kana salasahiji unsur kabudayaan. Kasenian téh minangka paripolah antara nu nyipta jeung palaku seni atawa pihak nu milu ngarojong kana éta kasenian nya éta pananggap seni jeung konsumén kasenian (Koentjaraningrat, 1996, kc. 81).

Sakabéh unsur kabudayaan pasti miboga ajén-inajén nu bisa dijadikeun cecekelan dina kahirupanana. Ajén nya éta salasahiji hal anu dijadikeun tatapakan pikeun nangtukeun hal nu dianggapna bener atawa salah, hadé atawa goreng, jeung sajabana. Dina enas-enasna, sakabéh ajén sumberna tina agama jeung budaya anu aya. Ku kituna, ieu kasenian bisa ditalungtik tina jihat kasopanan (ajén moral), kaéndahan (ajén éstétika) jeung ajén budayana, asal teu méngpar tina aturan agama jeung tradisi anu aya. Fungsi ajén budaya nya éta minangka cecekelan nu pangluhurna tina paripolah manusa. Sakabéh individu ti leuleutik geus dibekelan ku ajén-ajén budaya nu hirup dina kahirupan masarakat. Contona, budak ti leuleutik ku kolotna geus diajarkeun agama boh di sakolana, kulawargana

boh di lingkungan sabudeureunana. Ku kituna, konsépsi-konsépsi ajén budaya nu geus aya saméméhna hésé diganti ku ajén budaya nu anyar.

Kasénian miboga harti minangka hasil cipta, rasa, jeung karsa manusa anu bisa nimbulkeun kréativitas sarta kareueus masarakat nu teu bisa dipisahkeun tina kahirupan masarakat, hususna masarakat Sunda. Kitu deui pikeun masarakat di Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat miboga kasénian nu jadi kareueus di wewengkonna sarta mekar jadi hiji kabudayaan, salasahijina nya éta kasénian *Dur Ong*. Kasénian *Dur Ong* mangrupa salasahiji kasénian has Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat. Dina mangsa bihari kasénian *Dur Ong* dipintonkeun husus ngabagéakeun Nyi Pohaci (Déwi Sri) dina acara mitembeyan jeung nyalin atawa tina hajat lembur, tapi kiwari mah ieu kasénian téh miboga fungsi pikeun hiburan. Parobahan fungsi tina ritual tatanén kana hiburan taya lian ku ayana parobahan kahirupan masarakat nya éta nu geus réa ninggalkeun lahan tatanén kana pakasaban séjénna.

Kasénian *Dur Ong* nya éta kasénian anu panginditanana tina *onomatopea* (kecap anu dumasar kana sora waditra), dina sora bedug anu ngagedur (*Dur*) jeung sora goong (*Ong*). Teu kapaluruh kalawan pasti saha anu mimiti méré ngaran ieu kasénian. Nurutkeun Iin Solihin (42 taun) pingpinan kasénian *Dur Ong*, istilah *Dur Ong* téh sesebutan ti masarakat anu lalajo pédah anu pangtarikna kadéngé jeung pangdominanna nya éta sora *Dur* tina waditra bedug jeung sora *Ong* tina waditra goong (Iin Solihin, wawancara, Cikalong, 03 Januari 2015).

Kasénian *Dur Ong* anu kiwari tumuwuh di Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat, dina pintonana diwangun ku waditra bedug (gedur), goong, kendang, kulantér, kecrék, kenong, jeung tarompét. Dina prak-prakan pintonan kasénian *Dur Ong*, dieuyeuban ku sindén atawa juru kawih. Anapon runtuyan pintonanana dimimitian ku tatalu atawa gending bubuka. Éta hal téh minangka sanduk-sanduk papalaku ka karuhun dina acara bubuka atawa mitembeyan. Acara manggung digalindengkeun kawih *Kidung* jeung *Kembang Gadung* (éta dua lagu téh teu beunang diibingan, lantaran sakral), husus keur ngiriman ka luluhur seni *Dur Ong* jeung karuhun urang Cikalong. Sanggeus *Kembang Gadung*, aya pintonan ibing rampak wanoja jeung ibing rampak lalaki.

Ibinganana nyoko kana jurus penca Cikalongan. Saterusna, ditéma ku pintonan kamonésan kuda lumping, cacareuhan, babagongan, momonyétan, mamaungan atawa mamaungan, jeung séséroan. Tuluy dipintonkeun kamonésan debus di antarana: gugulitikan tina luhureun amparan cucuk salak, tutunggulan tina awak pamaén debus *Dur Ong*, jeung rupa-rupa kamonésan debus séjénna. Sajeroning mintonkeun kasenian *Dur Ong*, para pamaén kasurupan babakuna nu maén kuda lumping, cacareuhan, babagongan, momonyétan, mamaungan jeung séséroan. Dipungkas ku cécéménan.

Sanajan kasenian *Dur Ong* geus hirup puluhan taun di Cikalong, tapi teu sakabéh masarakat Kacamatan Cikalong Wétan jeung masarakat Kabupatén Bandung Barat wanoh kana kasenian *Dur Ong*. Ku sabab, pejabat anu ilubiung dina urusan kasenian di pamaréntahan Kabupatén Bandung Barat can optimal ngokolakeun ngeunaan budaya nu kudu diriksa jeung diraksa di wilayah binaanana. Kasenian *Dur Ong* teu pati dipikawanoh, lantaran jarang diwanohkeun ka masarakatna. Ku kituna, pikeun ngamumulé ieu kasenian perlu aya perhatian nu daria ti masarakat nu ngarojongna di antarana perluna ngamumulé warisan kabudayaan nu aya di wewengkonna séwang-séwangan, sangkan bisa dipikawanoh ku generasi ayeuna nepi ka generasi saterusna. Salian ti éta, perlu diayakeun dokuméntasi dina prak-prakan kasenian *Dur Ong* sangkan kasenian *Dur Ong* teu ngan saukur dipikawanoh ku masarakat Désa Cikalong wungkul.

Salasahiji tarékah pikeun ngariksa kasenian Sunda nya éta ku cara dilarapkeun jeung diwanohkeun ka para nonoman jaman ayeuna sarta diterapkeun dina widang atikan upamana dina bahan pangajaran di sakola. Patali jeung éta hal, ajén-inajén naon waé nu nyampak dina kasenian *Dur Ong* bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran di sakola. Salasahijina pangajaran Basa Sunda kaparigelan maca artikel ngeunaan kabudayaan di kelas XII.

Nurutkeun para seniman anu ilubiung dina kasenianana, kasenian *Dur Ong* can kungsi aya nu nalungtik. Panalungtik ngotéktak sababaraha pabukon teu kungsi manggihan hasil kajian dina wangun skripsi jeung kajian ilmiah séjénna. Ngeunaan ajén-inajén budaya anu dijadikeun tatapakan panalungtikan, anu medar masalah kasenian geus réa di antarana: “Ajén Inajén dina Kasenian Burok di Désa Pabedilan Kecamatan Pabedilan Kabupatén Cirebon pikeun Bahan Pangajaran di

SMP” (Nur Asiah (2010)). “Nilai Budaya Sunda dalam Kesenian Gaok di Désa Kulur Kabupatén Majalengka pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” (Ida Aridah (2013)). “Ajén Budaya dina Kasenian Réog Dongkol di Désa Karyamukti Kacamatan Pataruman Kota Banjar pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMP Kelas IX” (Novi Rosdiani (2013)).

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar di luhur ieu panalungtikan téh baris ngadéskripsikeun kumaha asal-usul jeung kamekaran kasenian *Dur Ong*, nu kumaha pintonanana, ajén budaya naon waé nu nyampak dina kasenian *Dur Ong* sarta luyu teu dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Ajén Budaya dina Kasenian *Dur Ong* di Désa Cikalong Kacamatan Cikalong Wétan Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran di SMA Kelas XII”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipedar di luhur, wincikan masalah ieu panalungtikan ditétélakeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha asal-usul jeung sajarah kamekaran kasenian *Dur Ong* di Désa Cikalong?
- 2) Kumaha prak-prakan pintonan kasenian *Dur Ong* di Désa Cikalong?
- 3) Ajén budaya naon waé nu nyampak dina kasenian *Dur Ong* di Désa Cikalong?
- 4) Kumaha pintonan kasenian *Dur Ong* luyu henteu pikeun bahan pangajaran maca di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakékatna ngabogaan tujuan, kitu deui dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan aya udagan nu hayang dihontal. Ku kituna, ieu panalungtikan téh ngabogaan tujuan saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun budaya tradisi jeung ngariksa budaya tur kasenian anu geus aya di wewengkon, hususna di Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun ieu di handap.

- 1) Asal-usul kasenian jeung sajarah kamekaran kasenian *Dur Ong* di Désa Cikalong,
- 2) Prak-prakan pintonan kasenian *Dur Ong* di Désa Cikalong,
- 3) Ajén budaya nu aya dina kasenian *Dur Ong* di Désa Cikalong,
- 4) Luyu henteuna ieu kasenian *Dur Ong* dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Salian miboga udagan nu rék dihontal, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat. Mangpaat tina ieu panalungtikan téh dibagi dua nya éta mangpaat nu sipatna téoritis jeung mangpaat nu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan kasenian anu dipiboga sarta dihasilkeun ku masarakat Kabupatén Bandung Barat.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés aya sababaraha mangpaat anu sipatna praktis, saperti nu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Panalungtik

Ngaliwatan ieu panalungtikan, nambahan pangaweruh ngeunaan kabudayaan hususna kasenian nu aya di Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat sarta maham kana ajén budaya nu nyampak dina kasenian *Dur Ong*.

- 2) Masarakat

Ngaliwatan ieu panalungtikan, masarakat Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat bisa leuwih ngaraksa jeung ngariksa kana kasenian *Dur Ong*.

3) Guru

Ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa nyusun bahan ajar pikeun alternatif bahan pangajaran, contona tina pangajaran maca artikel ngeunaan kabudayaan.

4) Siswa

Ngaliwatan ieu panalungtikan, siswa bisa nambahan pangaweruh jeung leuwih wanoh kana kabudayaan sorangan, hususna kasenian nu aya di wewengkonna séwang-séwangan sarta maham kana ajén budaya nu nyampak dina kasenian *Dur Ong*.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab nya éta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV jeung Bab V.

Bab I. Dina bab I dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II. Ieu bab eusina mangrupa kajian pustaka ngeunaan hal-hal anu patalina jeung masalah panalungtikan, ti mimiti wangenan kabudayaan, wujud kabudayaan, unsur-unsur kabudayaan, sarta nu aya patalina jeung panalungtikan nya éta ngeunaan kasenian *Dur Ong*.

Bab III. Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan nu digunakeun dina panalungtikan nu ngawengku désain panalungtikan, partisipan jeung tempat panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV. Eusina mangrupa analisis data nu patalina jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan sarta pedaran hasil analisis nu dipatalikeun jeung tiori.

Bab V. Eusina mangrupa kacindekan jeung rékoméndasi .